# «Жасларға байланыслы мәмлекетлик сиясатты әмелге асырыўда мәҳәлледеги жаслар жетекшилериниң орны» атамасында Республикалық илимий-әмелий конференция болып өтти

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2022-жыл 19-январдағы 92-санлы қарарына муўапық мәҳәллелерде жаслар менен ислесиў бойынша жаңа системаның мазмун-мәнисин ғалабаластырыў, илимпазлар ҳәм жуўапкерлер қатнасыўында додлаў мақсетинде «Жасларға байланыслы мәмлекетлик сиясатты әмелге асырыўда мәҳәлледеги жаслар жетекшилериниң орны» атамасында Республикалық илимий-әмелий конференция болып өтти.

Image not found or type unknown

Конференцияны өткериўден мақсет – жасларға байланыслы мәмлекетлик сиясатты әмелге асырыўда мәҳәлледеги жаслар жетекшилериниң искерлигинде ушырасып атырған машқалаларды додалаў ҳәм олардың искерлигин жәнеде жетилистириў бойынша усынысларды ислеп шығыўдан ибарат.

Image not found or type unknown

Конференцияда Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы Қ.Сариев қатнасып, Президентимиз тәрепинен жасларға жаратылып атырған имканиятлар ҳәм Қарақалпақстанда жасларға байланыслы мәмлекетлик сиясатты әмелге асырыў бойынша исленип атырған жумыслар, жөнинде мағлыўмат берди.

Соның менен бирге бундай илимий-әмелий конференциялардың өткерилиўи мәмлекетимизде жасларға байланыслы мәмлекетлик сиясатты әмелге асырыўда үлкен тәжирийбе майданы болып хызмет ететуғынлығы менен бирге, жаслардың көз қарасларын байытып, заманагөй жасларды жетилистирип шығарыўда үлкен әҳмийетке ийе екенлигин атап өтти.

**ҚР Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети**